# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–17 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

तिसरी बेरि देस के सत्ता समहरले के बादि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पहिली बेरि अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी पहुंचिहे। येह दौरान उहां के संझा पांच बजे से पहिले सेवापुरी विधानसभा के मेंहदीगंज के अन्नदाता किसानन से संवाद करबि। ओकरे बाद संझा सात बजे प्रधानमंत्री दशाश्मेध घाट पर गंगा आरती में सामिल होइहें। राति आठ बजे प्रधानमंत्री काशी विश्वनाथ जी क दरसन–पूजन करिहें। प्रधानमंत्री किसान सम्मेलन में करीब नौ दसमलव छब्बीस करोड़ लाभार्थियन के प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि के अंतर्गत बीस हजार करोड़ रूपिया से बेसी क सत्रहवी किस्ति जारी करिहें। एकरे सथहीं प्रधानमंत्री स्वंय सहायता समूहन क तीस हजार से बेसी कृषि सखी महिला लोगिन के प्रमाण पत्रों दीहें। कृषि सखी कन्वर्जेंस कार्यक्रम क मुख्य उद्देस्य ग्रामीण महिला लोगिन के कृषि सखी के रूप में ससक्त करत प्रसिक्षण अउर प्रमाण प्रदान कइल हौ। भारतीय जनता पारटी किसान सम्मेलन में पचास हजार किसानन के भागीदारी क लक्ष्य तय कइले हौ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी 'मन की बात' कार्यक्रम के एक सौ ग्यारहवीं कड़ी में तीस जून के आकाशवाणी से आपन विचार साझा करिहें। श्री मोदी के लगतारे तीसरी बेरि प्रधानमंत्री चुनल गइले के बाद ई पहिला **'मन की बात'** कार्यक्रम होई। येह कार्यक्रम में श्रोता टोल फ्री नंबर एक आठ सुन्न सुन्न–एक एक–सात आठ सुन्न सुन्न पर आपन बिचार अउर सुझाव दे सकिहें।

नरेंद्र मोदी ऐप चाहे माई जीओवी ओपन फोरम पर ऑनलाइन सुझावों दिहल जा सकेला। अट्ठाइस जून ले भेजल गइल सुझाव अउर बिचारन के कार्यक्रम में सामिल कइल जाई। ई कार्यक्रम आकाशवाणी अउर दूरदर्शन के सज्जो नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार के वेबसाइट अउर न्यूज ऑन ए.आई.आर. मोबाइल ऐप पर प्रसारित होई। ई आकाशवाणी समाचार, डी.डी.न्यूज, पी.एम.ओ., अउर सूचना प्रसारण मंत्रालय के यूट्यूब चैनलों पर उपलब्ध रही।

**********

एक जुलाई दुइ हजार चउबीस से प्रदेस के सथहीं देस भर में लागू होखे वाला नया कानून में साइबर अपराध के रोके बदे कड़ेर प्रावधान कइल गइल हौ। नया आपराधिक कानून भारतीय न्याय संहिता–दुइ हजार तेइस में कउनों महिला के सहमति के बिना ओकरे निजी कृत्यन क फोटो खींचि के प्रकासित कइल, भौतिक चाहे साइबर दुन्नो तरह से पीछा कइल, पासवर्ड चोरी, ई–मेल स्पूफिंग अउर ऑनलाइन जालसाजी जइसन साइबर क्राइम में दंडनीय हौ।

येह कानून में आम लोगिन क डाटा के सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम कइल गइल हौ। पुरान कानूनन में साइबर क्राइम पर अपेक्षाकृत कठोर कार्रवाई कइले में सफालता नाहीं मिलत रहे, जेकरे नाते साइबर अपराध के कानून में बादलाव क ढेरि सालि से जरूरति महसूस कइल जात रहे। नया कानूनन के नागू भइले से अब अइसन अपराधिकयन के चिन्हित कइले के साथहीं कठोर से कठोर कार्रवाई का राहि मिली।

**********

एक्कइस जून के होखे वाला अन्तर्राष्ट्रीय योग दिवस के ले के प्रदेस भर में साप्ताहिक योग सिविर अउर कार्यसाला क आयोजन कइल जा रहल हौ। एकर मकसद लोगिन के प्राणायाम क अहमियत बतवले के साथे निरोगी काया क मंत्र बतावल हौ। येही क्रम में आजु बनारस के सम्पूर्णानन्द संस्कृत विस्वविद्यालय के अध्यापक अउर सिक्षक लोगि योगाभ्यास कइलें। सिविर में योग प्रसिक्षक कई तरह क प्राणायाम करवले के सथहीं उन्हें एकर अहमियत बतवलें। ओहर अमरोहा के सद्भावना पारकों में अन्तर्राष्ट्रीय योग सप्ताह के अन्तर्गत योग सिविर क आयोजन कइल गइल।

**********

ईद–उल–अजहा यानी बकरीद का तिउहार आजु प्रदेस भर में परम्परागत ढंग से आस्था के साथे मनावल जा रहल हौ। मस्जिदन में बकरीद क बिसेस नमाज़ अदा कइल जा रहल हौ। ईद–उल–अजहा क अल्लाह के राहि में कुर्बानी क तिउहार बतावल जाला। कई गो राजनीतिक दलन के नेता लोगि मुस्लिम समुदाय क लोगिन के तिउहार क बधाई दे रहल हवे। राज्यपाल आनंदीबेन पटेल अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन खास तौर से मुस्लिम समुदाय के लोगिन के बकरीद क मुबारकबाद देत उनके सुखमय जिनगी क कामना कइले हवें। राज्यपाल अपने बधाई सनेसा में कहले हइनि कि ई तिउहार हम्मे खुसी बंटले अउर गरीब आ बेसहारा लोगिन क मदद कइले क मौका देला। मुख्यमंत्री कहले कि ई तिउहार सबके मिलिजुलि के रहले अउर सामाजिक सद्भाव बनवले क प्ररेणा देला।

**********

प्रदेस में भीसण गरमी अउर लुह क परकोप से लोगिन क जिनगी अस्त–व्यस्त हो गइल हौ। कई जिलन में आजु दुपहरिया क पारा चालीस डिगिरी सेल्सियस से बेसी रहल। मौसम विभाग प्रदेस में अगिला चारि दिन ले लुह क चेतावनी जारी करत चित्रकूट, कौशाम्बी, प्रयागराज, फतेहपुर, आगरा, फिरोजाबाद, वाराणसी, इटावा अउर हमीरपुर के सथहीं पचीस जिलन बदे रेड अलर्ट जारी कइले हौ। ओहर आगरा, हाथरस अउर मथुरा में गरज–चमकि के साथे बरखा अउर तेज बेयारि चलले क अनुमानो जतवले हौ।

**********